



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

4 Mas 2023

Chè sè ak frè nan Kris la:

Wikenn pwochèn, 11 ak 12 mas se koleksyon anyèl Dyosèz Palm Beach pou edikasyon seminaris yo ak fòmasyon prèt yo. Lajan yo ranmase nan koleksyon sa a yo itilize pou sipòte frè ekolaj, lojman, edikasyon, ak fòmasyon pastoral seminaris nou yo. Pa egzanp, frè ekolaj pou yon seminaris pa ane se \$22,000, epi pou chanm ak manje se \$12,100 pa ane. Disènmman prèt la ak pwosesis fòmasyon seminaris yo enpòtan, e seminaris sa yo bezwen sipò espirityèl ak finansye nou.

Kounye a, gen 8 seminaris nan dyosèz nou an ki dedye tèt yo nan pwosesis enpòtan sa a pou konprann sa vokasyon an ye. Avèk favè Bondye nou an, nou pral gen 2 òdinasyon ane sa a: yon òdinasyon prèt (Rev. Mesye Marc Gustinelli) ak yon òdinasyon dyakona (Mesye Joshua Martin).

Gras a jenerozite w, seminaris nou yo kapab devoue tèt yo nèt nan travay fòmasyon prèt la, san yo pa bezwen enkyete sou fado finansye seminè a. Avèk yo, ou ap mache nan chemen lafwa a epi asire tou ke sakreman yo ap kontinye nouri fidèl yo pou jenerasyon k ap vini yo.

Avèk rekonesans mwen pou jenewozite kontinyel ou epi ak tout volonte lapriyè m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenye Gerald M. Barbarito
Evèk Palm Beach